



Lis Verifikasyon Dokiman pou REAL ID, Lisans Komèsyal Nòmal, ak Kat Idantite Nòmal yo

Kòmans Aplikasyon w sou entènèt pou sèvis pi rapid – Mass.Gov/ID

Gade lis pi ba a pou konnen ki dokiman w ap bezwen pou w jwenn yon lisans/kat idantite REAL ID, yon lisans komèsyal nòmal, oswa yon kat idantite nòmal. Lis ki pi ba a PA pale sou dokiman w ap bezwen pou w jwenn yon Lisans Klas D oswa Klas M Nòmal. Y ap pale sou sa nan *Lis Verifikasyon pou Dokiman Lisans Klas D oswa Klas M yo a*.

- Dokiman yo dwe ranpli kondisyon ki vin apre yo:
 - ✓ Fòk se dokiman orijinal. Yo pap aksepte fotokopi.
 - ✓ Yo pap aksepte dokiman plastifye yo.
 - ✓ Ou pa gendwa sèvi ak yon sèl dokiman pou satisfye plizyè kritè prèv pandan w ap fè aplikasyon pou yon REAL ID.
- Si gen youn nan dokiman ou yo ki manke, yo PAP konsidere aplikasyon w.

PRÈV PREZANS LEGAL / PRÈV DAT NESANS

Tout dokiman yo dwe valab, san yo poko ekspire – ou dwe prezante youn (1) nan dokiman sa yo.

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Paspò Ameriken oswa Kat Paspò | <input type="checkbox"/> Tenb Tanporè I-551 nan yon Paspò Etranje |
| <input type="checkbox"/> Ak de Nesans Ameriken, swa orijinal la swa yon vèsyon sètifye ki ranpli kondisyon ki vin apre yo: <ul style="list-style-type: none"> • Se vil, konte, oswa eta nesans ki bay li • Li site non konplè, dat nesans, ak kote aplikan an te fèt • Li site non konplè paran (yo) • Li gen siyati grefye vil, konte, oswa eta a sou li • Li gen dat yo te remèt li nan biwo grefye (pa dwe depase 1 an apre nesans) • Li gen so otorite ki bay li sou li Yo te dwe bay Ak Nesans Puerto Rican yo apre dat 1 jiyè 2010. <p><i>NOTE: Si w remèt yon abstrè nesans, li dwe ranpli tout egzijans ki ekri pi wo yo.</i></p> | <input type="checkbox"/> Dokiman Otorizasyon Travay (Employment Authorization Document, EAD) ki soti nan men Depatman Sekirite Peyi a (Department of Homeland Security, DHS) Fòmèlè I-766 <p><i>NOTE: Tout dokiman imigrasyon yo dwe montre moun nan gen dwa rete pandan 12 mwa nan peyi Etazini.</i></p> |
| <input type="checkbox"/> Rapò Konsila de Nesans Aletranje (Consular Report of Birth Abroad, CRBA) ke Depatman Eta a bay, Fòmèlè FS-240, DS-1350, FS-545 | <input type="checkbox"/> Paspò Etranje ak yon Viza Ameriken valab afiche avè l <ul style="list-style-type: none"> • Yon Paspò Etranje dwe gen yon viza aktyèl ladan l, e ou dwe prezante l ak yon Rekò Rive ak Depa I-94, sof si w gen yon Kat Rezidans Pèmanan oswa yon lòt chanjman nan stati w • Ou gendwa remèt vèsyon papye I-94 ki soti nan men Dwann ak Sekirite Fwontyè Ameriken, oswa ou gendwa enprime vèsyon elektwonik ki soti nan sitwèb cbp.gov/i94 • Pou kliyan ki gen yon Sètifika Elijibilite (I-20) oswa yon Sètifika Elijibilite pou Stati Vizitè Dechanj (DS- 2019), yo dwe montre dokiman ki verifeye dènye fwa aplikan an te antre nan peyi Etazini |
| <input type="checkbox"/> Kat Rezidans Pèmanan ki soti nan men Depatman Sekirite Peyi a (Department of Homeland Security, DHS) oswa Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon U.S. (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) Fòmèlè I-551 | <input type="checkbox"/> Sètifika Sitwayènte ki soti nan men Depatman Sekirite Peyi a (Department of Homeland Security, DHS) Fòmèlè N-560 oswa Fòmèlè N-561 |
| | <input type="checkbox"/> Sètifika Natiralizasyon, Fòmèlè N-550 oswa N-570 |
| | <input type="checkbox"/> Pèmi Re-Antre, Fòmèlè I-327 (pou Lisans Komèsyal Nòmal oswa Kat Idantite Nòmal yo sèlman) |
| | <input type="checkbox"/> Dokiman Vwayaj Refije, Fòmèlè I-571 (pou Lisans Komèsyal Nòmal oswa Kat Idantite Nòmal yo sèlman) |

Pou ID Nòmal

Tcheke Youn

Pou REAL ID
 Tcheke Youn

Non aktyèl ou dwe mache ak non ki ekri sou dokiman prezans legal ou (yo) lè w ap fè aplikasyon pou yon lisans / kat idantite REAL ID.

- Si non aktyèl ou PA mache ak non ki ekri sou dokiman prezans legal ou (yo), ou dwe montre prèv ke w te chanje non w yon fason legal pou w kalifye pou yon lisans/kat idantite REAL ID.
- Si non w chanje plizyè fwa, ou dwe remèt youn nan dokiman ki vin apre yo pou CHAK fwa non w te chanje:
 - Sètifika Maryaj (fòk li soti nan men minisipalite a)
 - Sètifika Divòs (non ou te gen avan an dwe ajoute nan dekrè divòs la)
 - Dokiman Tribinal
- Pou yon lisans komèsyal oswa kat idantite nòmal, ou pa oblije ba yon dokiman ki pwouve non w chanje.
- Ale nan Mass.Gov/ID pou plis enfòmasyon.

Apati 7 me 2025, w ap bezwen yon REAL ID oswa lòt Idantifikasyon akseptab, tankou yon paspò valab, pou w monte avyon nan peyi Etazini, pou w antre nan kèk andwa federal, oswa pou w antre sou baz militè.

PRÈV NIMEWO SEKIRITE SOSYAL

- Pou lisans oswa kat idantite REAL ID, ou dwe prezante youn nan dokiman ki site pi ba yo.
- Dokiman an dwe montre non aktyèl ou.
- Pou yon kat idantite nòmal, yo dwe verifye Nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN) ak Biwo Sekirite Sosyal, oswa ou dwe ba yon Avi Refi SSN ansanm ak Paspò, Viza, ak I-94 ou.
- Pou yon lisans komèsyon nòmal, yo dwe verifye SSN ou ak Biwo Sekirite Sosyal la.

- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Kat SSN (li pa gendwa plastifye) | <input type="checkbox"/> Fòmilè Non-SSA-1099 ki montre 9-chif SSN |
| <input type="checkbox"/> Fòmilè W-2 ki montre 9-chif SSN | <input type="checkbox"/> Resi pewòl ki montre 9-chif SSN |
| <input type="checkbox"/> Fòmilè SSA-1099 ki montre 9-chif SSN | <input type="checkbox"/> Avi Refi SSN nan men Biwo Sekirite Sosyal, ansanm ak Paspò, Viza, ak I-94 (ki poko gen 60 jou). |

Pou REAL ID
 Tcheke
Youn

PRÈV REZIDANS MASSACHUSETTS

Dokiman an dwe montre adrès lakay aktyèl avèk non aplikan an— yo pap aksepte nimewo bwat postal oswa 'in care of'. Nenpòt dokiman 'ki poko gen 60 jou' dwe poko gen 60 jou anvan dat randevou ou a.

- Pou yon lisans oswa kat idantite REAL ID – Ou dwe prezante 2 dokiman ki site pi ba yo.
- Pou yon lisans oswa kat idantite nòmal– Ou dwe prezante youn nan dokiman ki site pi ba yo.

Dokiman RMV Massachusetts bay:

(Y ap aksepte sèlman youn nan sa yo)

- Lisans aktyèl
- Kat Idantite Massachusetts aktyèl (Kat Idantite pou achte alkòl pa ladann)
- Pèmi kondui aktyèl
- Yon dokiman RMV voye ba w pa lapòs, sa poko fè 60 jou (pa egzanp, rapèl pou lisant oswa matrikilasyon, matrikilasyon machin)

Dokiman ajans eta/federal/vil/konte bay:

- Lèt gouvènman voye ba w pa lapòs premye klas, sa poko fè 60 jou
- Lisans pwofesyonèl Massachusetts bay
- Fich Medicaid ki poko gen 60 jou
- Kat zam afè aktyèl
- Demann pou w patisipe sou jiri, sa poko fè 60 jou
- Lèt tribinal, ki poko gen 60 jou
- Dokiman enpo pwopriyete pou ane aktyèl la
- Dokiman enpo endirèk pou ane aktyèl la

Bòdwo: Fòk yo poko gen 60 jou

- Bòdwo itilite yo (kouran, telefòn, dlo, televizyon kab, satelit, chofaj)
- Fakti kat kredi
- Fakti medikal/ospital oswa fakti asirans sante
- Bòdwo asirans (machin, medikal, lakay, lokatè)
- Bòdwo telefòn selilè

Louwe / Pre labank pou kay:

- Kontra aktyèl pou louwe kay oswa pou kòb ou te prete labank
- Fakti pre labank pou kay ki poko gen 60 jou

Dokiman finansye yo:

- Dokiman taks federal pou ane pase
- Fakti pansyon aktyèl (401k, 457, SEP, eksetera.)
- Fatki retrèt aktyèl
- Resi pewòl ki poko gen 60 jou
- Fakti SSA aktyèl
- Kontra prete lajan aktyèl (pre labank pou machin)
- Fakti labank (kont savings oswa kont checking) ki poko gen 60 jou

Dokiman lekòl bay (sa gen ladan l dokiman ki soti nan nenpòt kolèj, inivèsite, oswa lekòl teknik):

- Kane lekòl ofisyèl pou ane aktyèl la
- Lèt ofisyèl nan men lekòl (prèv enskripsyon) ki poko gen 60 an
- Fre skolè pou ane aktyèl la
- Rekò lekòl sètifye pou ane aktyèl la

Dokiman asirans yo: Pou ane aktyèl la sèlman

- Kontra asirans machin
- Kontra asirans lokatè
- Kontra asirans lakay

Lòt Atestasyon Rezidans yo:

- Lòt Atestasyon Rezidans pou aplikan ki poko gen 18 an
- Lòt Atestasyon Rezidans Sèvis Imen/Sheltè (pou aplikan kat idantite nòmal yo sèlman)

Pou ID Nòmal
 Tcheke
Youn

Pou REAL ID
 Tcheke
De

Tanpri remèt lis verifikasyon sa a ak dokiman ou chwazi yo ansanm ak aplikasyon ou fin konplete a. Kòmanse aplikasyon w sou entènèt pou sèvis pi rapid – pou plis enfòmasyon vizite Mass.Gov/ID